Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL KRITIKE REPIBLIKEN WASHINGTON PASKE YO FÈ KOU SWEN SANTE YO MONTE NAN PRÈSKE 40% POU 140,000 NOUYÒKÈ

Nouyòkè konsène yo kòmanse resevwa avi sou ogmantasyon prim yo

Kou yo ogmante pou Nouyòkè ki depann de kredi taks sou prim amelyore nan Lwa sou Swen Abòdab la

Ogmantasyon anyèl an mwayèn prèske 1,400 dola pou moun ki sèl ak 3,000 dola pou koup

Gouvènè Hochul kritike jodi a Repibliken Washington yo paske yo fè kou swen sante ogmante anpil pou 140,000 Nouyòkè. Piske GOP la refize pwolonje kredi taks prim amelyore ki egziste deja yo, Nouyòkè ki konte sou sibvansyon Lwa Swen Abòdab (Affordable Care Act, ACA) pou kouvèti abòdab ak bon kalite ap enfòme kounye a ke prim asirans sante yo ap ogmante an mwayèn 38 pousan ane pwochèn — sa vle di yon ogmantasyon anyèl prèske 1,400 dola pou moun ki sèl ak 3,000 dola pou koup. Nouvèl sa a rive pandan Nouyòkè yo ap prepare pou peryòd enskripsyon ouvè a, ki gen pou kòmanse 1 novanm.

"Repibliken Washington yo fè sa klè – yo pa sousye de swen sante Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa se yon wont. Lè yo refize pwolonje kredi taks Lwa Swen Abòdab la, yo vire do bay elektè yo epi prive yo de aksè a swen sante abòdab ki bon kalite. Repibliken nan Kongrè a bezwen fè sa ki dwat epi pwolonje kredi sa yo ki fè asirans sante pi abòdab pou Nouyòkè yo."

Lè nou konsidere anplè rediksyon finansman federal yo dekrete nan H.R.1, ki kounye a vin pi grav ak fèmti GOP la ak ekspirasyon kredi taks prim amelyore yo, pa gen okenn eta, enkli Nouyòk, ki kapab bay finansman pou konpanse pèt sa yo.

Gouvènè a rele Repibliken nan Kongrè a pou yo fè bon chwa a epi pou pwolonje Kredi Taks sou Prim Amelyore ki rann asirans pi abòdab pou Nouyòkè yo.

Repatisyon Rejyonal Ogmantasyon Kou Swen Sante yo pa Mwa:

Rejyon	Ogmantasyon Mwayèn Kou pa Mwa pou Yon Koup ($)	Ogmantasyon Mwayèn kou pa Mwa pou Yon Koup (%)
New York City	$211	38%
Mid-Hudson	$206	31%
Long Island	$219	32%
Capital Region	$231	33%
Western New York	$267	38%
Central New York	$256	43%
Finger Lakes	$248	42%
Mohawk Valley	$270	49%
Southern Tier	$265	48%
North Country	$253	44%
Nan tout Eta a	$228	38%

Komisè Sante Eta Nouyòk, Doktè James McDonald, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li leve kanpe pou Nouyòkè ki konte sou kredi taks prim amelyore Lwa Swen Abòdab la pou kenbe kou swen sante yo abòdab. Se moun k ap travay di chak jou ki merite yon asirans sante ki abòdab. Kòmansman peryòd enskripsyon ouvè a ap apwoche a gran pa, epi san aksyon imedya nan nivo federal la, menas ogmantasyon prim yo ap vin yon reyalite rapid. Lè yo kite kredi taks prim amelyore sa yo ekspire, sa pral gen konsekans devastatè pou Nouyòkè k ap travay di, ki pral oblije chwazi ant peye manje, lwaye oswa peye pou swen sante yo bezwen pou siviv."

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU